

Nama : _____

Nomor: _____



LEMBAGA PENDIDIKAN MA'ARIF NU GUNUNGKIDUL
MADRASAH IBTIDAIYAH YAPPI BADONGAN
KAPANEWON SEMIN KABUPATEN GUNUNGKIDUL
Alamat: Badongan, Karang Sari, Semin, Gunungkidul

ULANGAN AKHIR SEMESTER
TAHUN PELAJARAN 2022/2023

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Hari/tanggal :

Kelas : V (Lima)

Waktu :

I. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c utawa d ing sangarepe wangsulan trep !

1. Gatekna gambar iki!



Gamelan iki arane

- a. kendhang
- b. terbang
- c. tifa
- d. rebana

2. Tukang gawe gamelan diarani

- a. juru sungging
- b. juru gendhing
- c. juru tulis
- d. juru mudhi

3. Pak Harto miyos ing dina Rebo Kliwon, 8 Juni 1921.

Tembung miyos ing ukara dhuwur tegese

- a. metu
- b. seda
- c. nikah
- d. lair

9. Raden Puntadewa kuwi ratu sing jujur, ora tau ngapusi. Ngendikane mentes lan ora ngendika yen ora perlu. Ratu Ngamarta iki tansah ngajeni marang liyan lan netepi janji.

Watake Raden Puntadewa

- a. Kadang konang
- b. Emban cinde emban siladan
- c. Ber budi bawa leksana
- d. Adigang, adigung, adiguna

10. Titilarase gamelan slendro yaiku

- a. 1 - 2 - 3 - 5 - 6 - 1 .
- b. 1 - 2 - 3 - 5 - 6 - 7
- c. 1 - 2 - 3 - 5 - 6 - 7 - 1
- d. 1 - 2 - 3 - 4 - 5 - 6 - 7 - 1

11. Papan kanggo rapat utawa pasamuhan yaiku

- a. bangsal
- b. gudhang
- c. jodhang

- d. lumbung
12. Wigatekna gambar wayang iki !



- Tokoh wayang iku asmane
- a. Raden Puntadewa
 - b. Raden Werkudara
 - c. Raden Harjuna
 - d. Raden Nakula

13. Saben dina pak Purnomo gawe arit, pacul, gathul, lan sapanunggalane. Pagaweyane pak Purnomo diarani
- a. pandhe
 - b. gamel
 - c. kundhi
 - d. gemblak
14. Sari kenya sing gandhes, luwes lan trampil. Yen pinuju ngguyu katon dhekik nambahi luwese. Sing dhekik kuwi
- a. untune
 - b. gusine
 - c. pipine
 - d. lambene
15. Aja dadi bocah clemer, mundhak ora duwe kanca. Clemer padha karo
- a. nakal
 - b. penganan
 - c. tangane dawa
 - d. dawa tangane
16. Bu, aku arep omong!
Ukara kuwi yen dikramakake dadi
- a. Bu, kula ajeng omong!
 - b. Bu, kula badhe omong!
 - c. Bu, kula badhe matur
 - d. Bu, kula badhe ngendika!
17. Ukara sing ngemu tembung katrangan sing nerangake kahanan, yaiku
- a. Bawa lan Tari padha sinau bareng.
 - b. Sapa sing sregep sinau mesthi pinter.
 - c. Bobote kira-kira sewidak kilo.
 - d. Semen gedhene aku dung tau menyang Gembiraloka.
18. Goleka ngelmu **saokehe**. Tegese ater-ater sa- ing ukara dhuwur yaiku
- a. siji
 - b. nganti
 - c. supaya
 - d. dadi
19. Wigatekna tembang iki !

Kinanthi

Kang aran bebuden luhur
Dudu pangkat dudu ngelmi
Uga dudu kapinteran
Lan dudu para winasis

Guru wilangan lan guru lagu gatra katelu
tembang ing sisih kiwa yaiku

- a. 6 a
- b. 7 a
- c. 8 a

Apa maneh kasugihan
Naning mung sucining ati

d. 9 a

20. Raden Werkudara satriya ing Jodhipati.
Ukara pitakon kang trep karo wangsulan ukara ing dhuwur yaiku
a. Ngendi kasatriyane Raden Werkudara?
b. Ngendi papane Raden Werkudara?
c. Ngendi omahe Raden Werkudara?
d. Ngendi pertapane Raden Werkudara?
21. Ukara iki sing bener panulise yaiku
a. Iwak wedhi weruh Bango
b. Yuyu loro atine diapusi Bango
c. Bango ethok-ethok sedhih
d. Sapite Yuyu nyantol ing gulune Bango
22. (bocah) padha dolanan (oyak).
Tembung njero kurung yen diowahi dadi tembung rangkep benere
a. *Bocah-bocah ; dioyak-oyak*
b. *Bocah-bocahan ; oyak-oyakan*
c. *Bocah-bocah ; oyak-ayuk*
d. *Bocah-bocah ; oyak-oyakan*
23. Nalika ngasta presiden Pak Harto nyengkut mbangun negara. Pembangunan ing saben babagan ngalami kemajuan. Babagan pertanian, industri, lan perdagangan dadi babagan-babagan kang diutamakake ing pembangunan. Rakyat ngrasakake ayom-ayem lan murah sandhang pangan. Mula Pak Harto nyandhang sebutan Bapak Pembangunan.
Wosing paragraf ing dhuwur yaiku
a. Nalika ngasta presiden Pak Harto nyengkut mbangun negara.
b. Pembangunan ing saben babagan ngalami kemajuan.
c. Babagan pertanian, industri, lan perdagangan dadi babagan-babagan kang diutamakake ing pembangunan..
d. Mula Pak Harto nyandhang sebutan Bapak Pembangunan.
24. Ibu tindak pasar esuk-esuk. Tekan ngarep regol ana bakul ondhe-ondhe lan alen-alen. Batine gojag-gajek arep mundhut apa ora. Bareng kelingan putrane wadon sing ontang-anting, ibu gage mundhut ali-ali kanggo putrane mau.
Ana ing wacan ndhuwur kang kalebu tembung rangkep yaiku
a. esuk-esuk
b. ondhe-ondhe
c. alen-alen
d. ali-ali
25. Ukara sing ngemu tembung katrangan sing *nerangake wilangan* yaiku. . . .
a. Regane mesthi rada larang.
b. Regane paling-paling rong ewu.
c. Regane wis ditulis, ora isa dinyang.
d. Rega sembako padha mumbul sebab ana rencana undhak-undhakan rega BBM.

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor ini kanthi bener !

26. Gamelan sing carane ngunekake disebut yaiku

27. Kanggo nyukupi kabutuhane urip, Pak Sarmidi dadi empu. Empu yaiku
28. Yen mangan asem aja saisine. Isi asem jenenge
29. Dadi bocah mono aja seneng **entheng tangane** mudhak ora duwe kanca. Tembung kang kacithak kandel ing ukara iku tegese
30. Suharman karo Suherman kae bocah kembar. Pasuryane pindha
31. Tembang Menthog-menthog, Gajah Belang lan Kidang Talun klebu tembang
32. Tulisan Jawa ing dhuwur wacane
33. Sekolahanku rada adoh saka pasar.
Tembung katrangan kahanan ing ukara iku yaiku
34. Nalika enom, Bagus Burham bambung lan brangasan.
Kosok balene brangasan yaiku
35. Simbah turu nalika aku adus.
Ukara ing dhuwur yen dikramakake, Simbah sare nalika kula